

# Jistis ak Lapè Achidyosèz Pòtoprens

Sekretarya Achidyosèz Pòtoprens  
14, Ri Wagg  
Pòtoprens - Ayiti

nan kolaborasyon ak

## *Komisyon Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè Commission Episcopale Nationale Justice et Paix*

Secrétariat national  
BP 1572  
Port-au-Prince Haïti 6110  
Tel 29 43 00 79  
cenjp@yahoo.com  
www.justicepaixhaiti.org

**Vyolans nan lari zòn metwopolitèn nan  
*Violence dans la zone métropolitaine de Port-au-Prince***

# JE WÈ, BOUCH FÈT POU PALE

**Mwa Janvyè rive jen 2017**

# 62-63

*Texte en français : voir pages 2, 16 à 25  
En cas de citation du rapport, veuillez indiquer la source*

## **Lèt toulouvri pou tout otorite sivil, otorite Lajistis ak otorite Lapolis nan peyi a**

Komisyon Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè an kolaborasyon ak Komisyon Jistis ak Lapè achidyosèz Pòtoprens salye nou ak anpil respè. Se aprè anpil refleksyon n ap prezante nou rapò 62-63 a ki ranmase sa ki pase pandan peryòd premye ak dezyèm trimès nan lane 2017 la.

Komisyon Jistis ak Lapè te obsève plizyè ka ki bay gwo kè kase, tankou :

- Gwo konfli ki genyen ant gang nan Gran Ravin ak gang Ti Bwa epi zòn ki antoure li yo ki deja lakòz lanmò anpil moun.
- Asasina 6 jèn gason pami yo genyen 3 minè ki gen laj 15, 16, 17 lane, nan Bwochèt 97, Kafou. Jèn yo se avni peyi a, lè yo mouri ak vyolans sa dwe atire atansyon tout moun.
- Brakaj k ap fèt chak jou nan zòn metwopolitèn nan.
- Anpil moun ap sikile libe e libè ak zam ilegal nan men yo.

Febès enstitisyon nou yo lakòz peyi a ap depafini, paske nou pa souvan jwenn repons n ap chèche a. Sitwayen ak sitwayèn yo, an patikilye jenès la pa gen konfyans nan peyi a. A chak fwa otorite yo kenbe popilasyon an nan yon kondisyon lavi ki pa nòmal, vyolans lan gen tandans tounen yon enstitisyon. Deba ki genyen sou salè minimòm nan, ansanm taks yo, gaspiyay ak lajan Leta a y ap detounen montre kijan Leta a fèb.

Komisyon Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè vle kontinye rete bò kote popilasyon an nan batay pou respè dwa moun nan peyi a. Komisyon an p ap janm sispann travay pou fè Leta a aplike prensip yo ki garanti respè ak diyite moun.

Sekretarya Komisyon an remèsye tout enstans nan Leta a ki te pèmèt li verifye kèk enfòmasyon oubyen kèk chif, tankou: Lopital jeneral (HUEH) ak Lapolis (PNH). Komisyon an remèsye otorite yo pou bon jan atansyon yo pral bay rapò 62- 63.

### **Lettre ouverte aux autorités civiles, Judiciaires et policières du pays.**

La Commission Episcopale Nationale Justice et Paix en collaboration avec la Commission Justice et Paix de l'archidiocèse de Port-au-Prince vous saluent respectueusement. C'est dans un esprit de profonde réflexion qu'elle présente ses rapports 62 - 63, qui rendent compte de ce qui s'est passé au cours du premier et deuxième trimestre de 2017.

Plusieurs situations inquiétantes ont été observées qui attirent l'attention de la Commission Justice et Paix :

- Le conflit armé qui oppose les gangs rivaux du côté de Grand-Ravine et de Tibwa et périphéries occasionne la mort de plusieurs personnes.

- L'assassinat par balle de 6 jeunes dont 3 mineurs, âgés respectivement 15, 16 et 17 ans, à Brochette 97, Carrefour. Les jeunes sont l'avenir du pays ; leur mort violente mérite une attention particulière.
- Les braquages à répétitions dans des rues de la zone métropolitaine.
- Bon nombre de citoyens circulent avec des armes illégales.

La faiblesse de nos institutions entraînant les débâcles que connaît la République, parce que les réponses nécessaires n'arrivent pas. Les citoyens, particulièrement la jeunesse, ne voient plus l'avenir avec confiance. La violence est aussi de nature institutionnelle quand les autorités imposent certaines conditions de vie aux gens par des choix politiques antisociaux. Les débats autour du salaire minimum, les taxes et prélèvements, les gaspillages et détournements des maigres ressources de l'Etat en témoignent.

La Commission Episcopale Nationale Justice et Paix est déterminée à accompagner la population dans sa lutte pour le respect de ses droits. Elle ne cessera pas de travailler pour l'application des principes qui garantissent le respect de la dignité de la personne humaine.

Le secrétariat de la Commission remercie les instances de l'Etat qui lui ont permis de vérifier certaines informations ou données, comme l'Hôpital de l'Université d'Etat d'Haïti (HUEH) et la Police Nationale d'Haïti (PNH). La Commission vous salue et vous remercie du bon accueil que vous réserverez aux rapports 62 et 63.

Mme. Jocelyne Colas, Directrice Nationale

Mr. Joël JOSEPH, Secrétaire général Jilap Achipo

Me. Apollon Rovelson, Responsable de l'observation

## Tablo mwa janvyè rive mas 2017

Fason nou analize vyolans nan Pòtoprens

Tableau de synthèse de la violence à Port-au-Prince

		Mwa janvyè <b>35</b> viktim	Mwa fevriye <b>58</b> viktim	Mwa mas <b>20</b> viktim
<b>a. Sou idantite viktim yo</b>				
Polis ak ajan sekirite ki viktim		-	1	1
Fanm ki viktim		5	8	2
Timoun ki viktim		-	3	-
Viktim yo pa konnen kilès yo ye		24	37	6
Viktim yo konnen kilès		11	21	5
<b>b. Sou lakòz lanmò yo</b>				
Moun ki mouri akbal		<b>29</b>	<b>44</b>	<b>14</b>
	Moun ki mouri akbal lapolis/ Minustah	1	7	2
	Moun ki mouri nan afwontman ak polis / Minustah	1	-	-
	Moun ki mouri akbal bandi ki nan gang	3	1	
	Viktim afwontman ant gang	11	19	4
	Moun ki mouri akbal nèg ak zam yo pa rive idantifye	13	17	8
Moun ki touye tèt yo		-	-	<b>1</b>
Moun ki mouri ak zam blanch, wòch, fè, baton ak manchèt		<b>3</b>	<b>8</b>	<b>1</b>
Moun ki mouri nan aksidan		<b>2</b>	<b>1</b>	<b>4</b>
Moun ki mouri nan move tan		-	-	-
Lòt kòz ak sa yo pa konnen		<b>1</b>	<b>5</b>	-
<b>c. Sou kèk katye : nan ki komin</b>				
Komin Pòtoprens		<b>21</b>	<b>50</b>	<b>10</b>
Komin Site Solèy		-	-	-
Komin Kafou		<b>1</b>	<b>1</b>	<b>2</b>
Komin Dèlma		<b>8</b>	<b>5</b>	<b>2</b>
Komin Petyonvil, wout Frè		<b>4</b>	<b>1</b>	<b>1</b>
Komin Taba		<b>1</b>	-	<b>5</b>
Komin kwadèboukè		-	<b>1</b>	
<b>d. Sou kèk lòt sikonstans</b>				
Moun ki mouri sou etikèt vòlò		3	7	2
Etikèt kidnapè/bandi		-	1	-

## Tablo mwa avril rive jen 2017

Fason nou analize vyolans nan Pòtoprens

Tableau de synthèse de la violence à Port-au-Prince

		Mwa avril <b>20</b> viktim	Mwa me <b>40</b> viktim	Mwa jen <b>49</b> Viktim
<b>e. Sou idantite viktim yo</b>				
Polis ak ajan sekirite ki viktim		1	1	2
Fanm ki viktim		-	2	2
Timoun ki viktim		4	1	-
Viktim yo pa konnen kilès yo ye		10	19	26
Viktim yo konnen kilès		10	21	8
<b>f. Sou lakòz lanmò yo</b>				
Moun ki mouri akbal		<b>14</b>	<b>37</b>	<b>45</b>
	Moun ki mouri akbal lapolis	2	1	5
	Moun ki mouri nan afwontman ak polis	3	3	9
	Moun ki mouri akbal bandi ki nan gang	-	9	1
	Viktim afwontman ant gang	-	3	17
	Moun ki mouri akbal nèg ak zam yo pa rive idantifye	9	21	13
Moun ki touye tèt yo		-	-	
Moun ki mouri ak zam blanch, wòch, fè, baton ak manchèt		<b>3</b>	<b>1</b>	<b>2</b>
Moun ki mouri nan aksidan		<b>1</b>	<b>2</b>	<b>1</b>
Moun ki mouri nan move tan		<b>2</b>	-	-
Lòt kòz ak sa yo pa konnen		-	-	<b>1</b>
<b>g. Sou kèk katye : selon komin yo</b>				
Komin Pòtoprens		6	23	34
Komin Site Solèy		-	5	-
Komin Kafou		8	7	7
Komin Dèlma		1	2	5
Komin Petyonvil, wout Frè		1	-	3
Komin Taba		3	1	-
Komin kwadèboukè		1	2	-
<b>h. Sou kèk lòt sikonstans</b>				
Moun ki mouri sou etikèt vòlò		2	1	3
Etikèt kidnapè/bandi		3	3	9

## **Analiz ak kòmantè sou 62 ak 63yèm rapò sou vyolans nan zòn metwopolitèn nan**

### **Ki sa ki atire atansyon n pandan trimès la**

Pandan de (2) premye trimès nan lane 2017 la, Komisyon Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè te anrejitre 222 ka moun ki viktim zak vyolans (premye trimès : 113 ; dezyèm trimès : 109), kote 183 ladan yo se ak bal yo mouri (premye trimès : 87 ; dezyèm trimès : 96). Alòske nou te konte pou dènye trimès lane 2016 la : 97 ka viktim vyolans, kote te gen 62 ladan yo se ak bal yo te mouri.

An verite, se chak jou kantite zak vyolans nan zòn metwopolitèn Pòtoprens lan ap ogmante. Reskonsabilite Leta nan ka sa a, se ranfòse enstitisyon k ap bay sekirite nan peyi a. Akòz pa genyen okenn repons klè Leta a pote nan sitiyasyon malouk sa yo, fè bandi yo panse yo se yon bann gwo chèf epi se yo k ap deside kilè pou yo touye ak kilè pou yo pa touye nan mitan popilasyon an.

Deklarasyon otorite yo ap fè chak jou nan radyo pa mete popilasyon an nan yon sitiyasyon konfyans, paske santiman ensekirite a rete grav nan tèt popilasyon an. Konsèy Siperyè Polis Nasyonal se sèlman denonse li denonse sitiyasyon an, san li pa gade ki estrateji l ap mete anplas pou l kanpe zak malonèt sa yo k ap detui sosyete a.

Komisyon an anrejistre plizyè ka ki make de (2) trimès ki sot pase yo :

- Konfli ki genyen ant gang nan Gran Ravin ak gang nan Tibwa rive nan yon dimansyon ki bay gwo kè kase, kote anpil moun deja pèdi lavi yo. Zòn nan rete yon danje pou lòt zòn ki antoure l yo. Lapolis pa gen kontwòl sitiyasyon an. Epitou prèske tout gwo krim ki fèt, se nan zòn nan yo fèt.

Bandi nan zòn sa a, aranje yo byen ak yon pakèt estrateji pou fè lajan rantrè nan zòn sila a tankou: trafik zam ak bal ; taksi moto yo k ap fè de (2) travay ; yo fè biznis ak lajan yo resevwa nan fè zak kriminel ; yo planifye operasyon pou al touye moun lòt kote.

- Anpil moun mouri nan aktivite pre-kanaval nan Pòtoprens. Nan dat 6 fevriye 2017, genyen senk (5) moun ki mouri ak bal, pami yo genyen twa (3) ki mouri sou plas Dèlma 2 a epi genyen de (2) fanm ladan yo, epitou lòt de (2) moun yo mouri nan ri Timas. Moun sa yo se te moun ki t ap patisipe nan aktivite pre-kanaval yo.
- 25 avril 2017, vè 10 zè nan aswè nan komin Kafou Bwochèt 97, nèg sou moto tire 6 jèn gason kote genyen 3 timoun ladan yo ki genyen 15, 16, 17 lane. Zak sila a, te boulvèse anpil moun sou katye a.
- Vandredi 10 fevriye 2017, nèg ak zam egzekite Reynold Dauphin ki gen ti non jwèt li Kamaz anndan yon makèt nan Tijo.

- Vandredi 20 me 2017, yo egzekite Ougan Nènè ansanm ak de (2) chofè li, plis de (2) lòt moun yo pa rive idantifye ki te nan yon lòt machin ki al mouri sou kabann Lopital.
- Zak sasinay nèg sou moto te fè sou doktè Frédérique Viau ki genyen 32 lane, kote yo te atake li anndan machin li jou ki te 5 jen 2017.

Pandan 6 mwa ki sot pase nan lane 2017 la, genyen lòt bagay tou ki te pase tankou : pakèt moun ki te mouri nan prizon Sivil Penitansye Nasyonal.

- Plis pase swasant (60) detni ak prizonye mouri nan mwa janvyè ak fevriye lane 2017 la. Se moun ki mouri akòz neglijan Leta a tankou : twòp moun anndan selil yo, moun yo pa byen manje, moun ki malad ak (VIH-SIDA, kolera ak yon pakèt lòt maladi) paske yo manke jwenn swen ka yo merite. Leta a, atravè Minitè Lajistis, se li ki reskonsab pou kondisyon lavi moun yo nan sant detansyon ak prizon yo. **Prèske tout moun konnen sitiyasyon yo, epi denonse yo plizyè fwa. Men tou, akòz Leta a pa janm fè anyen pou chanje kondisyon lavi moun, fè jan yo mouri a plis sanble ak zak asasinay kote yo ta sipoze tradui Leta a Lajistis. Ka sa yo pa rantre nan sa nou konte, men li ta sipoze rantre yon kote ki di « moun sa yo mouri akòz neglijan Leta a .»**

Aprè ansanm ka sa yo, li enpòtan pou nou souliye lòt fòm ensekirite k ap fini ak sosyete a ;

- Genyen anpil brakaj ki fèt souvan nan anpil ri nan zòn metwopolitèn Pòtoprens lan. Anpil fwa se moun k ap soti nan bank, nan biwo transfè lajan ak nan lòt aktivite ki bay lajan. Brakaj la bay anpil pwoblèm, sitou ak dwa sitwayen ak sitwayèn pou yo sikile lib e libè.
- Bandi yo itilize yon seri kat SIM telefòn vyèj ak motosiklèt pou fè zak sasinay nan zòn metwopolitèn Pòtoprens lan. Bandi sa yo devlope yon seri estrateji pou plase yon seri moun kèk kote espesyal pou siveye moun ki sot regle aktivite lajan epi pou yo menm kapab aji pi fasil.
- Gang yo k ap miltipliye oswa reòganize chak jou pi plis nan zòn metwopolitèn Pòtoprens lan se yon gwo pwoblèm. Pa gen okenn kote nan zòn metwopolitèn nan ki gen sekirite vre. Bandi yo aji san okenn laperèz pou Lapolis Nasyonal la. Kouman fè, nenpòt ki moun kapab fè nenpòt ki bagay nan zòn metwopolitèn nan, san otorite nan Lapolis la pa al chèche konnen sa ki rive a ?
- Nivo tolerans otorite yo fè genyen lòt fòm ensekirite k ap blayi anndan peyi a. Nan tout wout nou yo se dezòd k ap fèt, sitou nan zòn metwopolitèn Pòtoprens lan kote ou wè tout kalite machin ap sikile, genyen ki pa menm gen plak, oswa kèk chif nan plak la bare, epi k ap bay gwo kout sirèn ak jewofa. Anpil fwa, chofè machin sila yo konn agresif anpil fas ak lòt chofè sou wout la. Sitiyasyon sila a, deranje sitwayen ak sitwayèn yo epitou li konn fè genyen gwo aksidan sou wout yo.

Konstitisyon ak ansanm lwa peyi a pa pèmèt nenpòt moun sèvi ak sirèn ak jewofa. Otorite peyi a dwe konprann epi wè ki konsekans pratik sa a gen ladann.

- Akòz polisye yo demotive epi fistre, sa fè yo ralanti sou travay yo. Men tou, se paske enstans ki konsène yo pa aranje kondisyon sosyal polisye yo, yo pa ba yo frè ak chèk yo nan lè pou yo ba yo li.
- Genyen anpil zam ilegal k ap sikile anndan peyi a, sitou nan zòn metwopolitèn Pòtoprens lan, ki reprezante yon gwo danje nan sa ki gen awè ak sekirite sitwayen ak sitwayèn yo.
- Akòz otorite yo pa prèske fè swivi nan desizyon yo konn anonse yo, sa fè sitwayen ak sitwayèn yo dekouraje.

Kesyon enpinite a mare kòd lonbrit li ansanm ak koripsyon, se sa ki fè dwa moun yo toujou vyole. Dwa pou moun viv (gen lavi) se yon bagay konstitisyon 1987 la garanti nan atik 19 li epi li garanti tou nan atik 3 deklarasyon inivèsèl dwa moun. Leta a, atravè Lapolis la dwe tabli lòd nan tout peyi a epi pwoteje lavi moun ak byen moun yo genyen jan sa di nan atik 269-1 konstitisyon an.

Se otorite ki konsène yo ki pou konbat enpinite a atravè ansanm aktivite y ap fè yon manyè pou kanpe zak vyolans yo. Se wòl Lapolis ak otorite ki nan Lajistis yo, ki pou jije epi kondane moun k ap fè zak kriminel nan sosyete a. Se moman pou Leta a poze kèk aksyon sosyal pou redui nan sosyete a ansanm aktivite ki ka trennen vyolans dèyè li.



## N ap analize de (2) ka vyolans

Nan rapò sa a, nou menm nan Jistis ak Lapè nou pwopoze tèt nou gade de (2) ka ki ranfòse refleksyon n sou vyolans ak zam nan sosyete a. De ka (2) sa yo tou, pèmèt nou wè konsekans zak vyolans yo genyen sou dwa moun ak reskonsabilite Leta ki la pou garanti dwa moun sa yo.

**Premye ka a : konfli ak zam ki genyen ant katye Gran Ravin, Tibwa ak zòn ki anviwonnen l yo**

**Yon rafrechi memwa sou sa ki pase deja**

Mouvman vyolans nèg ak zam sa yo kòmanse avèk chèf gang Felix Bien-Aimé, ki te direktè simityè Pòtoprens sou pouvwa Lavalas la nan lane 2000. Yo te egzekite l ansanm avèk kèk lòt pwòch li pou rezon moun pa konnen. Gen moun ki di se pouvwa Lavalas la ki ta sanble touye misye, akòz li ta vin twò jennen pouvwa a. Lanmò chèf gang sila a te paralize prèske tout aktivite nan zòn nan pandan plizyè jou.

Sòlda chèf gang sila a, te fè yon gwo demonstrasyon ak gwo zam lou pou te montre yo pa kontan jan chèf yo a mouri a. Se te gwo negosyasyon ki te genyen ak rès manm gang lan avèk yon vizit prezidan Jean Bertrand Aristide nan zòn nan ki fè zam te sispann chante nan zòn sila a.

Nan lane 2004, Lavalas pèdi pouvwa a, yon bagay ki ta pral chanje fason vyolans lan te konn fèt nan zòn nan. Yon nouvo gwoup gang parèt ki bay tèt li non : Lame ti Manchèt. Gwoup gang sa a, te gen kòm misyon derasinen manm gang Gran Ravin yo ki toujou rete konekte ak otorite Lavalas yo. Chak lè de (2) gwoup gang sa yo ap goumen anpil moun mouri, epi se yo menm ki kontinye ak zak vyolans yo nan zòn nan. Malerezman otorite yo pa janm gade ki solisyon posib yo ka pote devan sitiyasyon malouk sila a.

**Vyolans nèg ak zam ki genyen depi janvye 2017**

Nan kòmansman mwa janvye 2017 la, genyen yon gwo konfli ki eklate ant gang Gran Ravin ak gang nan Tibwa pou wè kiyès k ap kontwole zòn nan. Men sa ki enterese gwoup gang sa yo nan zòn nan : **se min sab yo, mache piblik yo, lajan y ap pran nan men mèt depo ak boutik yo, lajan y ap pran nan men direktè lekòl yo, lajan y ap ranmase nan estasyon machin yo, lajan y ap mande moun k ap bati kay yo yon manyè pou yo ka ranmase lajan.**

Konfli sa a ki genyen nan zòn nan, paralize tout aktivite nan zòn nan epi li lakòz yon pakèt moun pati kite kay yo pou yo pa mouri. Se tout jounen y ap tire ak gwo zam otomatik, alòske polisye ki nan sou-komisarya ki tou pre a pa ka fè anyen.

Malgre popilasyon nan zòn nan ap rele anmwey sekou, fòs lòd yo pa janm fè anyen. Gang sa yo genyen tout kalite zam epi yo parèt tankou yon lòt fòs apa ki kapab goumen ak Lapolis. Bagay sa a vin tounen yon gwo danje pou lavi ak byen moun nan kominote a. Lè

gwoup gang sa yo ap goumen, yo mache simaye anvlòp bay tout moun nan zòn nan, mande pou yo mete lajan ladann pou yo ka achte bal ak zam. Pozisyon zòn nan pèmèt bandi yo atake tout sa k ap pase sou wout la tankou : moun k ap mache a pye, moun ki nan machin prive, bis trafik, elatriye...

Li vreman difisil pou obsève zak malonèt bandi sa yo ap fè, paske yo kontwole tout alantou zòn nan. Lapolis pa rive devlope okenn estrateji pou pran kontwòl zòn nan. Lè yon manm gang lan mouri nan afwontman swa ak Lapolis oubyen lòt gang, yo antere l nan pwòp simityè pa yo san okenn pwosè. Li vreman enposib pou idantifye kantite moun ki mouri ak konte kantite moun ki pa ka sòti nan zòn sila a kote se bandi yo ki kontwole l.

Konba kont gwoup gang nan Gran Ravin, Tibwa ak lòt zòn ki alantou l yo difisil anpil. Yo gen plizyè fason yo fè operasyon sou teren epitou yo pa sèvi ak menm pratik yo tou tan. Yo konstate genyen yon kantite timoun ak zam ki konn patisipe nan zak vyolans y ap fè.

**Nan dat 20 me 2017 yo egzekite ougan Nènè ak de (2) chofè li nan zòn Beny toupre Tibwa. Genyen de (2) lòt moun ki te blese grav ki t al mouri sou kabann Lopital. Bandi yo ki fè zak sila a, t ap bwè kleren ak fimèn bòz nan tout trankilite kòm si lanmò tounen yon kwayans popilè.**

### **Yon zòn ak aksè difisil e ki pyeje**

Yon zòn ki genyen anpil moun ki ladann, ki nan 8<sup>e</sup> seksyon kominal Matisan epi ki nan pati sid Pòtoprens. Yo bati kay yo trè mal nan zòn nan, pa prèske gen wout epi pa gen sèvis piblik nan zòn nan. Zòn sila a se kote bandi kache pou fè tout kalte aktivite kriminèl. Yo enpoze pwòp lwa pa yo nan mitan popilasyon an ki souvan krent malfektè sa yo.

Konfli ak zam ki genyen depi mwa janvye 2017 la lakòz anpil mouri. Sitiyasyon vyolans sa a ki genyen souvan nan zòn nan montre kijan enstitisyon nou yo fèb. Lapolis ki pa janm rive tabli lòd anndan kominote sila a. Kesyon n ap poze : Kòman w konprann gang ak zam pran annotaj tout yon popilasyon san Leta a bò kote pa l pa janm bay yon repons ?

Zòn metwopolitèn Pòtoprens lan genyen yon pakèt bidonvil epi moun yo ki abite bidonvil sa yo pa respekte okenn prensip nan sa ki gen awè ak bati kay. Kantite moun peyi a genyen kounye a, se mòd fason peyi a evolye sou plan sosyal, politik ak ekonomik ki pa bon. Depi kèk ane, zòn metwopolitèn Pòtoprens lan tounen yo kote ki toujou genyen zak vyolans k ap fèt ladann.

### **Batay ant gang ak gang ak rapò politik yo genyen**

Depi kèk tan, n ap obsève nan blòk sid Pòtoprens lan genyen yon gwo òganizasyon kriminèl ki enstale yo la. Nou ta kapab di tout blòk sila a tounen yon 2<sup>e</sup> Somali avèk yon chèf pou chak zòn. Zak kriminèl bandi sa yo fè depase imajinasyon moun tèlman yo aji sovaj. Lavi moun pa vle di anyen pou yo. Se devwa Leta pou l pwoteje chak sitwayen ak sitwayèn kèlkeswa kote li ye nan peyi a. Dwa lavi, pou viv kòrèk ak pou sikile lib e libè garanti nan Konstitisyon 1987 la nan atik 19 li, li di : « Leta dwe degaje l, tout jan, pou tout Ayisyen, fi kòm gason, timoun kou granmoun, jwenn lavi, lasante ak respè tout moun gen dwa jwenn, jan sa pale nan Deklarasyon sou dwa tout kretyen vivan. » Lapolis dwe bay

tout moun sekirite, li dwe pwoteje lavi ak byen moun jan atik 269-1 nan konstitisyon an mande sa.

Depi plis pase 23 lane, mouvman gang yo pran peyi a annotaj avèk konplisite anpil gwo dirijan nan Leta a. Nan lane 1994, aprè FRAPH yo te kraze, te genyen yon gwo òganizasyon kriminel ki te bay tèt li non lame wouj anndan komin Site-Solèy. Oganizasyon kriminel sa a te touye polisye Christine Jeune paske l pa t vle nan konfyolo avèk yo pandan prezidan Aristide t ap vizite Site a pou mande lapè.

Jodi a pratik sa yo genyen gwo konsekans sou zafè sekirite peyi a, se yon menas chak jou pi plis ki anpeche peyi a viv nan lapè ak estabilite. Nou sonje tou, Komisyon Dezameman (CNDDR) prezidan René Préval te met sou pye pou te kwape bandi pa t bay rezilta.

### **Reskonsabilite Leta fas ak gang yo k ap ogmante**

Nan refleksyon n ap fè, nou gade ansanm pwen sa yo : Lapolis ak Lajistis fèb anpil, peyi a p ap byen gouvène epitou pa vreman genyen yon volonte politik pou chanje sityasyon an bò kote dirijan nou yo.

#### **a. Feblès Lapolis la ak Lajistis**

Tout sosyete k ap byen fonksyone, se paske enstitisyon ki ladann yo ap byen mache, pami tout enstitisyon sa yo nou jwenn sistèm jistis la ki jwe yon gwo wòl pou peyi a byen mache.

#### **b. Peyi a p ap byen gouvène**

Sityasyon malouk sa a peyi a ap viv kounye a se paske li p ap byen gouvène. Fason yo chwazi dirijan politik nou yo nan eleksyon pandan 30 dènye lane ki sot pase yo fè peyi a anpil tò, se sa ki fè tou tout enstitisyon nou yo fin kraze.

#### **c. Pa gen volonte politik pou chanje sityasyon an**

Chak gouvènman ki monte yo pa janm manifeste bòn volonte pou kwape fenomèn gang sa a nan peyi a. Okontrè anpil nan gwoup gang sa yo konn gen relasyon bab ak moustach ansanm ak moun ki nan politik yo. Se sa k fè nou di, san yon jefò ak volonte politik l ap difisil anpil pou rezoud sityasyon pikan kwenna sa a k ap boulvèse peyi a.

Pou nou fini ak analiz nou an, nou kapab di se Leta ki reskonsab sityasyon malouk sa a gang yo kreye nan peyi a. Se Leta ki pa pran okenn dispozisyon pou rezoud sityasyon vyolans sa a k ap toufe popilasyon an. Fòk nou rekonèt tou, se Leta ki dwe garanti tout sa nou sot di la yo.

### **Dezyèm ka a : asasina 6 jèn gason nan Bwochèt 97 nan komin Kafou**

Jou ki te 25 avril 2017 la vè 10 zè nan aswè, genyen 6 jèn gason pami yo 3 timoun ki gen laj 15, 16, 17 lane ki mouri anba bal nèg sou moto nan zòn Bwochèt 97 nan komin Kafou. Aksyon sa a fèt pandan jèn sa yo t ap bwè byè nan yon restoran (ba). Genyen anpil moun

ki di, jèn sa yo ki te mouri a se paske yo te nan bagay ki dwòl epi sa ki rive yo a se regleman kont. Sitiyasyon sosyal jèn sa yo k ap rantre nan gwoup gang yo bay anpil enkyetid. Anpil nan jèn sa yo bezwen fè wè yo, men yo toujou peye konsekans pi devan. **Eske nou pa konstate bagay sa yo k ap rive jèn nou yo se paske pa genyen yon politik pou pwoteje lajenès ki defini nan peyi a ?**

### **Pwoblèm delenkans nan peyi a**

Se chak jou pi plis kantite jèn ki lage nan delenkans nan peyi a ap ogmante. Jèn yo se nan aktivite ki pa rekòmande ak nan banbòch yo lage kò yo. Konn genyen zak vyolans nan lekòl yo. Se konsa nan mwa avril 2017 la, gen yon gwoup elèv ki sòti nan kolèj ALPHA ki te bay yon elèv Lise Petyon yon kout kouto. Se yon konsta nou fè, genyen yon pakèt gwoup gang se ak elèv plis lòt moun ki nan katye popilè yo yo fòme.

### **Reskonsabilite Leta ak fanmi yo nan sitiyasyon sa yo**

Nan analiz nou yo, nou wè fanmi yo yon ti jan lage kòd la ki fè jèn yo kapab patisipe nan nenpòt ki bagay ki kapab gen gwo konsekans sou avni yo. Konstitisyon 1987 la klè kou klèwòz sou fason enstitisyon sa a ki se Lafanmi dwe pwoteje. Devan kalfou sa a peyi a ye kounye a, fòk gen yon bagay ki di pou moun yo otorite yo abandone anndan peyi a. Poukisa Brigad Pwoteksyon pou Timoun (BPM-BPT) pa rive kontwole aktivite k ap fèt pou jè yo ? Li fasil kounye a pou yon jèn nan dwòg, nan bwè kleren e menm genyen yon zam nan men li. Menm si li konnen pratik sa yo ka mennen l nan prizon, se sa ki fè nou dwe poze tèt nou kesyon sou ki ankadreman n ap bay jèn nou yo nan peyi a.

### **Pa gen okenn politik pou jèn yo nan peyi a**

Lè n ap gade reyalite a, pa genyen okenn politik pou jèn yo sou plan nasyonal ki kapab pèmèt yo viv nòmal nan anndan peyi a. Pa genyen anpil bibliyotèk nan Meri yo, pa gen kote pou jwe teyat, pa gen pwogram jwèt ki fè moun reflechi, pa gen pwogram kiltirèl, sa ki pi grav la pa prèske genyen sal sinema nan peyi a. Se legliz yo ak kèk lekòl prive nan peyi a ki konn pran kèk inisyativ pou jèn yo. Pi fò jèn yo lage kò yo nan yon seri aktivite ki kapab gen gwo danje sou lavi yo ak avni yo. Sitiyasyon sa a bay gwo kè kase.

Nan yon sosyete ki byen òganize, 6 jèn sa yo yo te tire nan Bwochèt 97 la pandan yo t ap bwè byè a 10 zè nan aswè a, yo ta kapab nan yon lòt aktivite ki pi kòrèk. Youn ladan yo ki te genyen 17 lane te deja fin lekòl. Nan sitiyasyon sa a n ap viv kounye a jèn yo pa ka gade avni yo avèk konfyans epi lespwa.

## Konklizyon sou ka yo

Aprè analiz nou sot fè sou de (2) ka sa yo nan zòn metwopolitèn Pòtoprens lan, nou wè sitiwayon vyolans lan li prèske nan tout kouch anndan sosyete a. Kantite gang yo k ap ogmante chak jou pi plis nan peyi a e otorite yo pa manifeste bòn volonte pou konbat gang sa yo ki reprezante yon gwo danje pou lapè ak pou peyi a estab.

Nou dwe travay pou n chanje sitiwayon men sitou pou n kontrekare lotè zak vyolans yo. Paske enpinite a se yon danje pou peyi a, sa montre chak fwa jistis la pa mache sosyete a ap toujou an boulvès. De (2) ka sa yo montre nou si peyi a ap byen gouvène epi genyen yon politik sekirite ki byen defini eben l ap garanti lapè ak lespwa pou tout moun anndan peyi a.

## **Rekòmandasyon Komisyon Jistis ak Lapè :**

### **1. Pou peyi a gen sekirite**

- a. Gouvènman an dwe òganize kèk chita pale sou zafè sekirite nasyonal peyi a sitou sou kantite gang yo k ap ogmante epi kantite zam ilegal k ap sikile anndan peyi a.
- b. Lapolis dwe dezame gwoup gang yo anndan peyi a
- c. **Palman an dwe :**
  - 1.1. Fè lwa ansanm ak pouvwa Egzekitif la pou pran sanksyon kont gang yo k ap detui lavi moun nan sosyete a.
  - 1.2. Vote lwa pou òganize ajans sekirite yo.
  - 1.3. Revize lwa pou moun pote zam nan peyi a.
  - 1.4. Mande pou tout moun ki vle pote yon zam fè yon egzamen sikolojik anvan.

### **2. Pou rive kontwole kantite machin k ap sikile san plak imatrikilasyon ak sa ki genyen jewofa ak sirèn**

#### **A. Lapolis woutyè dwe :**

- 2.1. Sanksyone tout moun ki nan kontravansyon ak lalwa.
- 2.2. Rete pi vijilan epi san paspouki.
- 2.2. Rete fidèl ak tout mezi ki anonse epi ki pran.

#### **B. Palman an dwe fè lwa sou sekirite woutyè**

#### **C. Pou rive gen sekirite sou wout yo, Lapolis dwe :**

- a) Itilize rada sou wout nasyonal yo pou kontwole vitès chofè yo
- b) Toujou sou wout yo pou entèveni lè sa nesèsè.
- c) Fè yon patenarya ak Sekreteri Deta Sekirite Piblik ak Sant Anbilansye Nasyonal pou ijans yo.

**D. Pou gen sekirite nan tout ri yo ak katye popilè yo, Lapolis la dwe :**

1. Ranfòse polis kominotè nan tout ri yo ak katye popilè yo.
2. Rann sitwayen ak sitwayèn yo gen konfyans nan lapolis la.
3. Ranfòse sèvis ransèyman an yon manyè pou gen kontwòl gang yo.
4. Sèvi ak nouvo teknoloji yo pou fè prevansyon.

**E. Pou bay jèn yo lòt aktivite, fòk Leta a pran kèk dispozisyon tankou :**

- a. Ministè Edikasyon Nasyonal ak Meri yo dwe konstwi yon politik piblik pou jèn yo.
- b. Ministè Kilti dwe mete kanpe kèk pwogram ki nan enterè jèn yo.
- c. **Palman an dwe fè lwa pou pwoteje jèn yo :**  
Komisyon Jistis ak Lapè envite Palman pou vote pwojè lwa ansanm òganizasyon dwa moun yo te depoze nan Cham Depite a jou ki te 25 jiyè 2017 la pou konbat delenkans ak pwoteje jèn yo nan peyi a.

**F. Komisyon Jistis ak Lapè mande Leta byen trete detni ak prizonye, Komisyon an mande pou Leta pran responsabilite l fas ak detni yo :**

- a. Palman an dwe vote yon bidjè ki nòmal pou Leta a byen pran ka detni ak prizonye yo.
- b. Ministè Lajistis dwe kontwole kijan sitiyoasyon moun yo ye anndan prizon yo.
- c. Ministè Lajistis ak Konsèy Siperyè Pouvwa Jidisyè a dwe rann sistèm jidisyè a mache.
- d. Ministè Lajistis dwe fasilite sitwayen ak sitwayèn yo ki nan detansyon ilegal jwenn jistis ak reparasyon pou sa yo te sibi nan prizon an.

## **Analyse et commentaire du rapport 62-63 sur la violence à travers la zone métropolitaine.**

Les faits saillants du premier et du deuxième trimestre de l'année 2017

Au cours des deux premiers trimestres de l'année 2017, la Commission Épiscopale Nationale Justice et Paix a enregistré **222** cas de victimes de violence (premier trimestre : 113 ; deuxième trimestre : 109), dont **183** de tuées par balle (premier trimestre 87 ; deuxième trimestre : 96). Alors qu'on dénombrait pour le dernier trimestre de l'année de 2016 : **97** victimes de violence dont **62** de tuées par balle.

L'évidence est que la zone métropolitaine connaît un regain de violence ; les actes de violence continuent à être commis. La responsabilité de l'État, à travers ses institutions préposées à cet effet, est d'établir un ordre sécuritaire. Le fait qu'il n'y a pas une réponse appropriée et régulière à ces situations, fait croire aux bandits de tous poils qu'ils sont des super-chefs et qu'ils ont le droit de vie et de mort sur autrui avec la licence de l'impunité.

Les déclarations des autorités dans les médias ne peuvent aucunement rassurer la population qui est **constamment frappée par le sentiment d'insécurité**. Le Conseil Supérieur de la Police Nationale ne fait que dénoncer la situation, sans toutefois revoir en profondeur sa responsabilité dans le sens d'anticiper les actions destructrices qui causent préjudice au corps social.

La Commission a enregistré plusieurs faits marquants au cours de ces deux trimestres tels que :

- Le conflit armé opposant des gangs rivaux de Grande Ravine et de Tibwa prend une dimension alarmante ; plusieurs personnes sont tuées. La zone demeure un danger potentiel pour les zones avoisinantes. La police n'a pas le contrôle véritable de la situation. Cette banlieue est devenue une plaque tournante de la criminalité.

Toute une chaîne de trafics de tout genre est mise sur pied par les bandits pour rentrer de l'argent dans cette zone : le trafic d'armes et munitions ; les taxis motos qui font double jeu ; investissement de l'argent du crime dans des activités économiques ; des opérations planifiées pour assassiner des personnes ailleurs.

- Plusieurs personnes ont été tuées lors des activités pré-carnavalesques à Port-au-Prince. En date du 6 février 2017, il y a eu 5 tués par balle : 3 sur la place de Delmas 2, dont 2 femmes, et deux autres personnes à la Rue Tiremasse. Ces gens étaient tout simplement des participants à ladite activité.
- Le 25 avril 2017, vers 10 heures du soir, 6 jeunes garçons dont 3 mineurs âgés respectivement de 15, 16 et 17 ans, ont été abattus froidement par des hommes armés à moto, à Carrefour à Brochette 97. Cet acte odieux a provoqué l'émoi dans tout le quartier.
- Exécution spectaculaire du nommé Reynold Dauphin, mieux connu sous le nom de Kamaz, tué par balle le vendredi 10 février à l'intérieur d'un supermarché à Turgeau, par des hommes armés qui ne manifestaient aucune crainte d'être repoussés par la police.



- L'exécution par balle, le 20 mai 2017, de l'houngan Nènè avec ses deux chauffeurs, et de deux autres personnes non identifiées dans une autre voiture, qui sont décédées par la suite à l'hôpital.
- L'assassinat spectaculaire de la jeune médecin Frédérique Viau, âgée de 32 ans, à Delmas 83, attaquée dans sa voiture par des hommes armés à moto le 5 juin 2017.

Le premier semestre de l'année 2017 a été marqué également par les décès massifs des prisonniers au pénitencier national.

- Plus de soixante<sup>1</sup> détenus et prisonniers sont décédés dans les premiers deux mois de l'année. Il s'agit en général de décès suite aux négligences de l'Etat, la surpopulation des lieux de détention, la malnutrition, les maladies (VIH, choléra, et autres) et le manque de soins disponibles. L'Etat, à travers le Ministère de la Justice dont relèvent les prisons, est le seul responsable des conditions de vie des gens dans les centres de détention. **Les situations sont connues et ont été dénoncées en maintes occasions ; l'inaction de la part des instances de l'Etat pour rendre les conditions de vie des gens conformes aux conditions minimales acceptables, rend ces décès proches d'assassinats pour lesquels l'Etat et ses représentants devraient être mis en accusation. Ces cas n'entrent pas dans nos statistiques, mais ils devraient figurer bel et bien dans une catégorie « morts par suite de négligence coupable de la part de l'Etat. »**

A part de ces cas, il convient de souligner la persistance d'autres formes d'insécurité qui rongent la société :

- Les braquages sont extrêmement fréquents dans bon nombre d'endroits de la zone métropolitaine. C'est fréquemment le cas pour des gens qui reviennent des banques, des maisons de transfert et autres activités économiques. Le braquage pose le problème du droit à libre circulation des personnes dans les rues.
- L'utilisation des SIM cartes vierges et des motos par des bandits armés dans les rues sont fréquents. Ceux-ci ont développé des stratégies très fines pour poster leurs guetteurs un peu partout dans des points de stationnement pour surveiller des proies faciles pour commettre leurs actes antisociaux.
- La prolifération des gangs dans la zone métropolitaine est un problème très sérieux. Aucun endroit de la zone métropolitaine n'est sécurisé. Les bandits opèrent sans crainte de se faire traquer par la police. Comment se fait-il que n'importe qui peut faire n'importe quoi en pleine rue sans aucune poursuite immédiate par les autorités policières ?
- Le niveau de tolérance dont font preuve les autorités entraîne encore d'autres formes d'insécurité. Il existe actuellement un niveau de désordre exagéré sur toutes les routes de la République, particulièrement dans la région métropolitaine où toutes sortes de voitures, même sans plaque d'identification (immatriculation),

---

<sup>1</sup> Nous reprenons les chiffres du rapport de la Commission présidentielle sur les conditions de vie en prison. L'Etat, en la personne du Commissaire de Gouvernement, fait son possible pour diminuer les chiffres et pour cacher les faits. Rien n'indique que les décès auraient substantiellement diminué après le mois d'avril.

roulent à vive allure avec des sirènes sonores et gyrophare ; les occupants adoptent un style très agressif envers les autres conducteurs. Cette situation dérange constamment les citoyens et provoque bien des fois des accidents de la route.

La Constitution et les lois de la République ne permettent pas à n'importe qui de se servir des sirènes et des gyrophares, comme c'est le cas actuellement dans le pays. **Les autorités haïtiennes doivent considérer sérieusement les conséquences de ces pratiques inacceptables.**

- La démotivation importante des policiers dans leur travail et les frustrations conduisent ces derniers à un relâchement dans leur travail. A l'origine sont les conditions sociales et le retard régulier pour préparer le paiement tout comme des frais à leur attribuer.
- Le niveau de circulation d'armes illégales dans le pays est considérable, surtout dans la zone métropolitaine, et constitue un grave danger pour la sécurité des citoyens.
- Absence de persévérance et de suivi dans les mesures annoncées et prises par les autorités mènent au découragement citoyen.

La question de l'insécurité est étroitement liée aux phénomènes de l'impunité et de la corruption qui occasionnent des violations des Droits humains. Car le droit à la vie est garanti par la constitution de 1987 dans son article 19 et par la Déclaration Universelle des Droits de l'Homme en son article 3. L'Etat par le biais de l'institution policière, a l'impérieuse obligation de garantir l'ordre public et la protection des vies et des biens, conformément aux prescrits de la loi mère dans son article 269-1.

Il est du ressort des autorités concernées de combattre l'impunité en mettant sur pied un ensemble d'initiatives visant à décourager les actes de violences. Il incombe à la police et aux autorités judiciaires de rechercher, juger et condamner les auteurs des actions criminelles. Il est vraiment urgent pour que l'État entreprenne des actions de prévention sociale pour diminuer les tensions sociales qui tendent régulièrement à alimenter la violence.

## Analyse de deux cas

Dans ce rapport nous nous proposons d'étudier deux cas qui renforceront les analyses sur la violence armée. Ils permettent de voir les conséquences de la violence sur les droits humains, et la responsabilité de l'État comme gardien protecteur de ces droits.

### Premier cas : le conflit armé à Grande Ravine, Tibwa et zones environnantes

#### Rappel historique des faits

Les mouvements de violence armée ont commencé dans ces endroits avec le puissant chef de gang dénommé Félix Bien-Aimé, ancien directeur du cimetière de Port-au-Prince, qui était un partisan zélé du pouvoir Lavalas, vers les années 2000. Il a été exécuté avec d'autres personnes proches de lui pour des raisons non élucidées. Certaines sources avancent que c'est le pouvoir en question qui l'aurait éliminé parce que devenu trop gênant. La mort de ce chef de gang a paralysé toute la zone pendant plusieurs jours. Les soldats du chef brutalement tué, ont fait une démonstration de force avec un arsenal d'armes impressionnant pour protester contre sa disparition. Il a fallu des négociations avec des autres membres de la bande suivi d'une visite du président Jean Bertrand Aristide sur les lieux pour rétablir la paix des armes dans la zone.

En 2004, le départ du régime Lavalas du pouvoir, va changer la configuration de la violence dans la zone. Un nouveau groupe armé dénommé *Lame Ti Manchèt* va être formé dans le but de déloger les membres de gang de Grande Ravine qui jouissaient d'une notoriété criminelle et qui entretenaient des relations politiques avec des autorités de l'ancien régime. Ces affrontements ont fait de nombreuses victimes, et ont assuré la continuité de ces pratiques de violences, sans aucune perspective, en aval et en amont, de solution pour la situation.

#### La violence armée depuis janvier 2017

Au commencement du mois de janvier 2017, un conflit armé a éclaté entre deux gangs rivaux de Grande Ravine et de Tibwa pour le contrôle de la zone. En effet, **les mines de sable exploitées par les chauffeurs de camion, les marchés publics et la perception des taxes sur les dépôts et boutiques, les institutions scolaires, les stations de transports et les constructions de maisons sont autant d'activités qui attirent la convoitise des gangs pour pouvoir rentrer de l'argent.**

Ce conflit armé très sauvage a paralysé toutes les activités de la zone et a contraint un bon nombre de personnes qui habitaient la zone à laisser leur domicile pour ne pas se faire tuer. Des rafales d'armes automatiques chantaient à longueur de journée, alors que les policiers du sous commissariat tout proche, assistaient impuissamment.

Malgré les appels aux secours lancés par la population, les forces de l'ordre paraissaient incapables d'intervenir. Les gangs qui sont armés avec toutes sortes d'armes font peur aux gens et font comprendre qu'on est en face d'une véritable force parallèle, capable de défier l'ordre public et qui constitue un grave danger pour la vie et les biens des citoyens. Lors

des confrontations opposant les protagonistes, ils distribuent des enveloppes aux résidents de la zone et font injonction de collaborer en vue de collecter de l'argent pour l'achat de munition et autres. La position stratégique et géographique de cette zone permet aux bandits d'attaquer les gens (voitures, piétons, bus, etc.) qui empruntent les routes.

Il est extrêmement difficile d'observer les actes posés par ces assassins parce qu'ils ont le contrôle général de la périphérie. La police n'a pas su développer des stratégies efficaces pour prendre le contrôle effectif de la zone. Quand un membre du gang est tué dans des affrontements, ils disposent de leur propre cimetière pour l'enterrer, sans aucune forme de procès. Il est donc impossible d'identifier les victimes et de dénombrer leur nombre dans cette zone enclavée et contrôlée par des bandits sans scrupules.

Le combat contre les gangs retranchés dans les hauteurs de Grande Ravine, de Ti Bwa et d'autres zones avoisinantes sera difficile. Leur mode opératoire et leurs pratiques sont variables. On a constaté la présence de plusieurs mineurs armés qui participent dans des opérations violentes.

**En date du 20 mai le nommé houngan Nènè ainsi que ses deux chauffeurs ont été sommairement et sauvagement exécutés dans la zone « Beny », une périphérie près de « Ti Bwa » en présence d'étrangers ; deux autres personnes ont été blessées grièvement et sont décédées par la suite à l'hôpital. Les bandits qui commettaient le forfait buvaient de l'alcool et fumaient de la marijuana avec du sourire aux lèvres, comme si la mort est devenue un credo de pure banalisation !!**

### **Une zone enclavée**

Cet endroit très peuplé, est situé au niveau de la 8ième section de Martissant du côté sud de la capitale. Il comporte des constructions anarchiques, très difficile d'accès et dépourvu de services publics. Cette périphérie sert de refuge à des bandits qui en profitent pour mener toutes sortes d'activités criminelles en imposant leur loi à la population civile tétanisée par l'arrogance et l'agressivité de ces malfrats.

Le dernier conflit armé depuis le mois de janvier 2017, a coûté la vie à plusieurs personnes. Cette situation de violence régulière montre le niveau de faiblesse de nos institutions pour ne pas dire l'irresponsabilité affichée par l'État. A bien voir la police et la justice qui n'arrivent toujours pas à rétablir l'ordre de droit. La question à se poser : Comment peut-on comprendre que des individus armés prennent en otage toute une population sans une réponse en règle du côté de l'État?

La zone métropolitaine de Port-au-Prince est constituée majoritairement de banlieues bidonvillisées, sans plan d'urbanisation, les gens habitants ces espaces évoluent dans l'anarchie la plus complète. L'explosion démographique que connaît le pays est une conséquence de l'évolution sociopolitique et économique du pays. Depuis plusieurs années, la zone métropolitaine est souvent le théâtre de scènes de violence.

## Le conflit armé et les rapports politiques

Depuis plusieurs années, on observe le développement d'une grande criminalité en bande organisée au côté sud de la capitale. On pourrait même parler d'une sorte de « **somalisation** » de cette banlieue, avec un cacique pour chaque zone. Les actions posées par ces bandits pourraient être qualifiées de crimes contre l'humanité, tellement leurs méthodes et pratiques s'apparentent de la barbarie. La vie des gens n'a aucune importance pour eux. Il est du devoir de l'État d'assurer la protection des citoyens en quelque lieu où ils se trouvent sur le territoire national. Le droit à la vie, à l'intégrité physique et à la libre circulation sont garantis par la Constitution de 1987 dans son article 19 qui stipule : « **L'État à l'impérieuse obligation de garantir le droit à la vie, à la santé, au respect de la Personne Humaine, à tous les citoyens sans distinction, conformément à la Déclaration Universelle des droits de l'Homme.** » La Déclaration Universelle des Droits de l'Homme dans son article 3 énonce ce qui suit : « Tout individu a droit à la vie, à la liberté et à la sûreté de sa personne. » L'État, par le biais de l'institution policière, a l'impérieuse obligation de garantir l'ordre public et la protection des vies et des biens conformément aux prescrits de la loi mère dans son article 269-1.

Depuis près de 23 ans, les mouvements des gangs armés prennent la République en otage avec la bénédiction de nombreux dirigeants dans des postes de décisions du pays. En 1994, à **Cité Soleil après le départ des FRAPH<sup>2</sup>, régnait la bande criminelle de l'Armée rouge** qui allait assassiner la jeune policière Christine Jeune pour avoir refusé de pactiser avec eux lors d'une visite du président Aristide dans la Cité pour demander la paix.

Aujourd'hui encore, ces pratiques irresponsables de la part des autorités, ont comme conséquence d'avoir instauré dans le pays **la bombe à retardement que constitue l'insécurité**, une menace constante pour la stabilité et la paix dans le pays. On se souviendra également de la Commission Nationale de Désarmement et de Réinsertion (CNDDR) monté sous la présidence de René Préval, qui n'a pas apporté les résultats escomptés de démanteler les réseaux de gangsters.

### La responsabilité de l'État dans la prolifération des gangs

Dans cette réflexion analytique il faut cerner les points suivants. D'abord il y a la grande faiblesse de la police et de la justice ; ensuite, il y a la mauvaise gouvernance ; finalement il faut regarder l'absence de volonté politique réelle.

#### a. La grande faiblesse de la police et de la justice

Toute société forte a comme élément directeur l'existence des institutions solides, parmi lesquelles se trouve le système judiciaire qui joue un rôle de premier plan dans la stabilisation de la bonne marche de la société. Depuis des décennies après 1986, le peuple haïtien crie sa soif de justice. Ce grand cri dont a besoin le pays pour normaliser l'ordre démocratique républicain est resté un vœu pieux.

---

<sup>2</sup> Front National pour l'Avancement et le Progrès d'Haïti (FRAPH): groupe paramilitaire durant le coup d'Etat entre 1991 et 1994.

## **b. La mauvaise gouvernance**

La situation dégradante que vit Haïti est la résultante de la mauvaise gouvernance. Les choix politiques faits pendant ces trois décennies ont conduit le pays dans une débâcle regrettable. L'effondrement des institutions en est la conséquence.

## **c. L'absence d'une volonté politique réelle**

Les gouvernements qui se sont succédés ne sont pas arrivés à manifester une volonté politique pour endiguer le phénomène des gangs dans le pays ; bien au contraire, il existe très souvent une relation de proximité entre les politiques et certaines bandes criminelles. D'où, sans l'effort et la volonté politiques, il sera difficile de traiter cet épineux problème qui menace la République.

Comme conclusion de cette analyse, on peut affirmer que l'État est totalement responsable de cette situation chaotique et infrahumaine créée par des gangs dans le pays, pour n'avoir pas pris des dispositions efficaces pour résoudre cette escalade de violence qui porte atteinte et préjudice à toute une population. Il est à reconnaître que l'État est le premier détenteur des obligations en la matière.

## **Deuxième cas : l'assassinat de 6 jeunes garçons à Brochette 97, Carrefour.**

Le 25 avril 2017, vers 10 heures du soir, 6 jeunes garçons dont 3 mineurs âgés respectivement 15, 16 et 17 ans, ont été froidement abattus par des hommes armés à moto, zone de Brochette 97, commune de Carrefour. Au moment de l'action ces jeunes étant assis ensemble et dégustaient une bière. Plusieurs déclarations en la circonstance, avancent l'hypothèse que les victimes avaient de mauvaise fréquentation et que l'acte pourrait être le résultat d'un règlement de compte. Le phénomène des jeunes appartenant à un clan criminel est inquiétant par rapport à leur situation vulnérable. L'envi de se faire remarquer, entraîne souvent des conséquences regrettables pour leur avenir. **N'est-il pas lieu de constater que ce cas illustre une absence de politique de la protection de la jeunesse qui serait à l'origine de ces dérives ?**

## **Le problème de la délinquance juvénile**

Le taux de délinquance juvénile a connu une montée exponentielle en termes réels. Les jeunes se livrent de plus en plus à des activités répréhensibles et de débauche. On assiste à des scènes de violences dans les écoles. Ainsi, au cours du mois d'avril 2017, un écolier du lycée Pétion a été transporté d'urgence à l'hôpital pour avoir été poignardé par un autre groupe d'écoliers appartenant au collège ALPHA, pour des raisons d'appartenance à des clans.

Il est à observer que des clans criminels se forment sérieusement avec un nombre impressionnant de jeunes dans des écoles et dans des quartiers. Les motivations ne sont pas toujours clairement établies, mais, on peut dire qu'ils sont enrôlés dans ces aventures pour se faire remarquer par leur bravoure de jeunesse, souvent avec des conséquences fâcheuses.

## **La responsabilité de l'État et de la famille dans ces situations**

